ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДЫОКI

№21 (22.179) ● 2012 гъэм мазаэм (февралым) и 8, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдыокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

МЕДВЕДЕВ Дмитрий:

Зыщыбгъэпсэху хъунур Сочэ и закъуэкъым

Сочэ къалэр курорт ныбжь, Олимпиадэр щрагъэкIуэкIынымкIи, Урысей Ипщэр, Кавказ Ищхьэрэр абдеж щыхьэкIым. Къэралым щыкIуэ ныкъуэкIуэ хъунур нэгъуэщI щыIэ хьэлэмэт куэдкIи щыIэщ. Кавказ Ищхьэрэм турист кластерым зыщегъэужьыным теухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм апхуэдизуэ щыжIаIащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыщыпсалъэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым щыIэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хлопонин Александр кыхьичъэщхьэхуэкIащ Кавказ Ищхьэрэм турист кластер кыщыдзэгъэпэщыныкIэ проектым ахъшэ кыхэзыльхьэхэм къэрал щэсыгIэхэр яхуэгъэуцунымкIэ унафэ кыдэзращтар. А Iуэхуэм сом мелардэ 100 хухах. «Апхуэдизу ахъшэмрэ инвестицэ псоми я процент 70 хъу щэсыпIэхэмрэ федеральнэ бюджетым кыщыдальытащ. Дэ ди мурадщ мыхьэнэшхуэ зиIэ я Iэмалхэр щIыналъэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ тэмэму къэдгъэсэбэныну», - жиIащ полномочнэ лIыкIуэм.

Медведев Дмитрий жиIащ Урысейм и курортхэм зегъэужьыным нэгъуэщI къэралхэм щыщхэми ахъшэ кыхьичъэну зэрыхьхэзырыр Iуэху хъарзынэу кыдэзрильытэр. Абы къеГэльтагъэу щIыналъэм шынагъэншагъэ кьиузэгъэпэщынымкIэ щыIэ щытыкIэм ахэр зэрытемыгугъэныкъым. «Сэ сыщоугуГ инвестицхэм я лъэныкъуэкIэ кыхьалхьэ Iуэху псори нэсу кьалытэну… Урысей инвесторхэми, нэгъуэщI къэралхэм щыщхэми а проектым ахъшэ халхьэну щыхьэзыркIэ, ахэр тешыныхьырыкъым Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым иджьнсту зэрызиужь щIыкIэми, турист щIыналъэхэр абы кыщыдзэгъэпэщынымкIэ щыIэ Iэмалхэмэ», - кIэнгъэлъэгъуащ Президентым.

Медведев Дмитрий апхуэдизу жиIащ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу цIыхухэм Кавказыр зэрыхьхэрий щIыналъэу, мылъку хэплъхьэну дзыхьщIыгъуэдзэу кIащыхьэу зэрекIуэкIар. Абы кыхьичъэщхьэхуэкIащ Кавказ Ищхьэрэм и курортхэм щынагъэуэнщагъэ кьиущхэгъэпэщынымкIэ щыIэ щхьэхуэ иригъэкIуэкIыну зэримурадыр.

ЗэIущIэм гулыитэ хэха щыхуащI мы щIыналъэм щыпсэуэхэм щIэуэ кьиузэIуахыну курортхэм лэжьапIэхэр кIащыхуэзгъэпэщынымкIэ. «Псом ящэ ЕнатIэхэм къешэлIапхьэр Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округымрэ Ипщэ Федеральнэ округымрэ хиубыдэ республикэхэм, крайхэм, областхэм щыпсэуэхэм ящыщу иджьнсту лэжьапIэ зимыIэхэрщ. Ахэрщ лэжьапIэ щагъэувкIэ гулыитэ нэхьыщхьэ зыгъуэтыпхъэр», - кыхигъэщхьэхуэкIащ Президентым.

Хлопонин Александр зэрыжиIамкIэ, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м щIыгъуэ зэхьхьэну я мурадщ курыт профессиональнэ щIэныгъэ зиIэ лэжьакIуэхэр щрагъэджэну Iуэхущ Iапт Iэхэр кьиузэрызэрагъэпэщыну щIыкIэр. А еджапIэхэм есы республикэм щыпсэуэхэм щызрагъэгъуэтынущ Кавказ Ищхьэрэ турист кластерым хиубыдэ курортхэм зэрыщыдлэжьэфын Iэщ Iагъэхэр.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Iуэхущ Iапт Iэ.

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Жэуаплыныгъэ зыхэлъ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым иригъэкIуэкIащ 2013 - 2017 гъэхэм, апхуэдизкIэ 2020 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым электроэнергетикэм зэрызыщужьынум и схемэмрэ и программэмрэ зыгъэхьэзырыпхъэ гулыитэ и зэIущIэ.

ЗЭХЫХЬЭМ къекIуэлIащ республикэм и министерствэ щхьэхуэхэм, хуабжэрэ зэпыщIэ Iуэхущ Iапт Iэхэм я лIыкIуэхэр, кьалэ, куей администрацхэм я унафэщIхэм я кьуэдзэхэр, ирагъэблагъэ Iэщ IагъэлIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэ кIэ кьиузэрагъэпэща гупым и тхьэмадэ Уянаев Казым электроэнергетикэмрэ электрокъарурэ кьиузэрыдгъахуэу щыкIэмрэ хуэгъэза Iуэхуэхэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэмрэ Iэщ IагъэлIэхэмрэ зэрыгъэкIыпхъэхэр пIалъэ ягъэувам ирихьэлIэу ягъэбелджылыну.

УФ-м Энергетикэмкlэ и министерствэм Мэзкуу кьалэм щригъэжьуэ кIэуэ щыташ къэралым и щIыналъэхэм электроэнергетикэм зэрызыщрагъэужьынум я схемэхэмрэ программэхэмрэ гъэхьэзырыным теухуа урысейпсо зэIущIэ. Абы хэтащ «СО ЕЭС», «ФСК ЕЭС», «МРСК-м и холдинг», «РусГидро» ОАО энергетикэ компаниехэм, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я администрацIэхэм, ток къэвалэжькIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр. А зэхуэсым щыжIаIар лъабжьэ хуэхьуащ щIыналъэхэм я электроэнергетикэм мылькуу хальхьэн хуэйр щагъэбелджылым.

«РусГидро» ОАО энергетикэ компанием и Къэбэрдей-Балъкъэр филиалым ильэсыщI дыдэрыпхьам и апэ Iыхьэм кьриубыдэу Бахьсэн ГЭС-р щIэрыщIэу зэтриГъэувэжыну и мурадщ, и лъэщагъэм щIригъэгъуу. 2013 гъэм и епланэ Iыхьэм хиубыдэу республикэм и Щэрэдж куейм кьитыну токым я лъэщагъкIэ зэрагъэхъ щыжьэм щыхьэзырихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым электроэнергетикэм зэрызыщIужьынум и схемэмрэ и программэмрэ зэрагъэхьэзырыну щыкIэр.

ЗэIущIэм кьыщыкъагъэщащ кьыхалъхьа проектхэм, дызыхуэкIуэ илъэсиI-5-м Къэбэрдей-Балъкъэрым электроэнергетикэм зыщегъэужьынымкIэ тещIыхьа программхэр гъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ зэрэлэм, яубзыхуахэр и чэзум зэрфIэхьи зэрыхуэкIи кьыхэкIыну, Iуэхур зэгъэщIылIа Iэнатlэ псори жэуаплныигъэ хэлъу я пщэрыльхэм зэрыбгъэдэлъхьэр, республикэм тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетыр зыщIэунущ тхьапхьэр фIэкIыпIэмкIэ ягъэхьэзыру и пIалъэм Iэрагъэхьэну зэракъалэныр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Ерчэн Тембулэт

Пащты Борис

Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъгъэгъуэм я IуэхуэмкIэ правительствэ комиссэм и зи чэзу зэIущIэр дыгъуасэ зэхэтащ. Ди иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ерчэн Тембулэт.

ЯПЭУ псалъэ зрата, КъБР-м жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я IуэхуэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Пащты Борис** зэрыжиIамкIэ, тхьэмахуитI и пэкIэ екIуэкIа зэIущIэм зэрыщаубзыхуам тету, лэжьакIуэ гуп кьызэрагъэпэщри, Сирием щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэм хэхуа ди лъэпкъгъэгъуэм я Iуэху зыIутыр зрагъэщIащ, зэрадэIэпыкъу хъунур Iэмалхэр ягъэбелджылащ.

Пащтыр кьызытеувыIэхэм ящищщ:

УФ-м и Цыхуу кьызэралъытэ дафтэр кьеIызыхыну хуейхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрызэхъуэм кьыхэкIкIэ, кьэзыгъэзэжхэм зэрадэлажьэ щIыкIэр зы мардэ гуэрым итъэува хъун папщIэ КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхуэхэмкlэ и къэрал комитетым и деж «Хэкум къэзыгъэзэжахэр ди псэкIэм хэзэгъэжьимкIэ Iэ центр» къэрал Iуэхущ Iапт Iэ кьыщыгъэIуэхыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм зэрызыхуагъазэр. Абы и кьалэнхэм хэгъэхьапхъэу кьаIыбытащ кьэзыгъэзэжхэр (зэкIэ щIыху 200-250-м хуэдизэ) тхьныныкIэ, пIалъэкIэ псэупIэ кьахуэзгъэпэщынымкIэ, гъэшхэмкIэ, зэрысыбзэмрэ анэдзэлъхьбзэмрэ егъэщIэныкIэ, Iэнатlэ кьахуэгъуэтыныкIэ защIэгъэкъуэщIэ, юридическэ, медицинэ, нагъуэщI унэтIныныгъэхэмхаIуэ фондым зэрыкIалъхьамкIэ.

США-м и президент хэхьныгъэкIэ екIуэкIынущ мы гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м.

НОБЭ

t 1724 гъэм Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиер кьиузэрагъэпэщащ.

t 1943 гъэм Совет дзэм Курск кьалэр щIэхъуит кьищIыжащ, фашист зэрыпхъуакIуэхэр абы дихужри.

t Илъэс 425-рэ и пэ Инджылыбэм и пащтыхь гуащэ Елизаветэ I и унафэкIэ щIэхъупылъэ ящIауэ щытащ 1542-1567 гъэхэм Шотландием и пащтыхь гуащэу щыта Стюарт Марие, инджылызым и пащтыхьхьгъуэр абы иубыдынкIэ шынагъэ хьуауэ кьилытэри.

t Илъэс 20 и пэ къызэрагъэпэщащ СНГ-м Гидрометеорологиемкlэ и совет.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, ноб э Налшык мащIэу пшэ щытелъынущ, щIыIэу махуэм градус 15, жэщым - градус 20 щыIэнущ.

ПлIанэлэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩIО Зарифы.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къанзэгурэ пэт гу егъэуфэрэнкI.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ди спортсменхэр къахожаныкI

Iуащхьэмахуэ лъапэ КИФШI-м и Кубокыр къэхьыным теухуа бгы-лыжэ зэхьэзэхуэр щокIуэкI. Абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагыстэным кьинкIа ныбжьыщIэхэр.

ИУЖЬРЕЙ илъэс 25-м къриубыдэу апхуэдизкIэ зэхьэзэхуэ ящIа етIуанэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIыжу аращ. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, 2010 гъэм бгы-лыжэмкIэ Урысей чемпионат зэхэтащ. Абы кьыхихьэ щытащ Банкувер щекIуэкIа Олимп джэгухэм хэта УФ-м и цIыхухъу, цIыхухъ командхэр.

- КИФШI-м и Кубокыр кьхъыным щIэбэныныр ди республикIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэгъуэщ. Спортсменхэм я екъуIэныгъэхэр 2014 гъэм Сочэ щыдзэхэну Олимпиадэм дыщэ медалхэр дяпэкIэ щызыIэрагъэхьным щIэдзапIэ хуэхъун куейщ, - жиIащ Iуащхьэмахуэ куей администрацым и унафэщI Малкаров Аслъэн, зэпеуэр кьыщыдзэIуахым. Апхуэдизуи кьыхихгъэщащ къэкIуэнум Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыхэм дунейпсо чемпионатэр дяпэкIэ зэрыщрагъэжьэкIынур и фIэщ зэрыхьэр. Абы папщIэ щIыуэпс, техникэ я лъэныкъуэкIэ зыхуеину псори щыIэщ.

КъБР-м спортымрэ туризмымкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн кьыщыпсалъэм жиIащ республикэм Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацэм и жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лыжэ спорт IэуужьыгъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкI щыпIэ зэрыхъур.

Зэхьэзэхуэм и япэ махуэм слалом-гигант лIэужьыгъуэмкIэ зэпеуащ. Абы бжьыпэр щаубыдащ Iуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лыжэ школым и гъэсэнхэм. Итъэс 11-12 зи ныбжь щIалэ, хьыджэбз цIыкIухэм я дежь япэ ящыпIищыр Терскол щыщхэм яубыдащ. Япэ увыпIэхэр къахьащ Темыркъан Миланэрэ Байдаев Кямилрэ. Илъэс I5 ныбжьым хиубыдэхэм я дежь Байдаевэ Жаннэ щытекIуащ. НыбжьыщIэхэм я дежь апэ ящыпIэхэр зэрыхьащ Теберда (КъШР) щыщ Масетов Глеб. ЕтIуанэкIэ, ещанэ увыпIэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ и спортсменхэм ялъысащ.

ТАРИМ Алисэ.

Сабийхэр узыншэу къэхъуным йогугъу

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Лэгъупыкъуэ» центрым щылъмахуэр кьызэрихьэрэ зыщагъэпэщхэу зэхуэсащ сабий 300-м щIигъуэр. Псом хуэмыдэу мы центрым щагъэуэ кIэльыплъыныгъэхэр гунэс ящэхъу ДЦП уз зыпкърыт сабийхэм я адэанэхэм.

МЫ зыгъэпсэхупIэм иIэщ хуэдамэу 7. Абыхэм щоIэзэ зи лъэм кьримыкIэхэм, темакъ узхэм, зоб зиIэхэм, зи псэпхьэIэм сэкъат иIэхэм, псантхуэ узыфэхэм. Iуэхуэщ Iапт Iэм и унафэщI БжьыкIший Сэрэждин зэрыжиIэмкIэ, а къудамэхэм щолажьэ салъбийм хэтыкIэ, епсэлъэкIэ зыщIэ, зи кьалэн гугъур жэуаплныигъэ хэлъу ильэс куэд кьэсыхьэлIэ дохутыр Iэзэхэр.

Медицинэ Iуэхутхьэбзэм и мызакъуэу, мыбы щыIэ цIыкIуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманри хуэдэ щымыIэу кьызэрагъэпэщ. Центрым иIащ сабий кьэс хэхуэу джэгуакIэ щхьэхуэхэмкIэ щадэлажьэ пэшхэр. Ахэр кьызэгъэпэщащ цIыкIуэм я ныбжьымрэ япкърыгъ узыфэхэмрэ тещIыхьауэ кьыхаха зэрыджэгу кьэпшыпхэмкIэ. Апхуэдэу махуэ 20-м щIигъуэкIэ мыбы зэманыр щызыгъакIуэ сабийхэм кьэуат зыщIэлъэ, витаминхэмкIи кьулей шхыныгъуэхэмкIэ егугъуу ягъашхэ. КъимыдэкIэ, пэрыхьэту ират пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIэхэмрэ. КьыхэгъэщIыпхъэщ «Лэгъупыкъуэ» здэщIыIэ Долинск хьэблэм и мэзхэм хуэдэу зи хьэуар кьабзэ зэрыгъэтыгъуейри. Ар сэбэпшхуэ яхуохъу зи бгъэчыр зэуэхэм, аллергие зыпхърыткъэм. БжьыкIший кьызэрыхигъэщащкIэ, ноб э я зэфIэкIхэм хагъахьэу мыхьумэ, нэхъ мащIэ зэрыныхъуным зэфIэкIыу я I эр ирахьэлIэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЪЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщытыхьэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацым и деж щыIэ

8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.



Iэщэкlэ зэщIэуэздахэщ

Вэсэмахуэ Сириемрэ и дзэм Хомс щыкIащи щIэнхьаджащ щIыхуэкIуэхэм щыIащ пщIы бжыгъэхэр. А къалэр Дамаск километри 165-кIэ пэжьыжьэ аращ. Хомс правительствэм и бийуэ зыкъыщызыIутэхэмрэ дзэмрэ мазэ зыбжанэ хъуауэ щыIозащ.

Республикэм и МВД-м кьызэритымкIэ, гъэру яубыдащ боевикхэм ящыщу щIыхуищэ бжыгъэхэр. Еры заузлIхэм ящыщу щIыхуи 6 хэкIуэдащ, 11-р уIэгъэщ. Правительствэм и дзэм зыкъэзыIэтахэмрэ боевикхэмрэ кьалэм и хьэблэ куэдым зэхэзехуэн щищIащ, абыхэм Iэщэнпхуэ кьытрах. Боевикхэр зэщIэуэздащ зенитнэ пулеметхэмкIэ, гранатометхэмкIэ, топышэхэмкIэ, жэщым хуиту уэзыгъэлъагъу Iэмэпсымэхэмкlэ, зауэлI щыгъынхэмкIэ. Абыхэм зэтраукIэ правительствэм и телъхьэу къэпсалъэ щIыху мамырхэр, Iэщэр ягъэтIылъыну кьыхураджэ пэтми, ар ямыдэу.

Боевикхэр гъэкIуэдныкъмкIэ Iуэхугъуэхэр дзэм щрегъэкIуэкI Забадани, Мадае курорт кьалэхэми. Ахэр Дамаск зэрыпэжьыжьэр километр 45-рэ кьудейщ. Абы дзэм хэтауэ щIэпхьуэжа гупхэм кьыщызрагъэпэщащ «Сирие щхьэхуитым и дзэ».

Хъыбарыншэу кIуэдахэр

«ENEOS» энергетикэ компанием и «Мидзусимэ» щIыдагъэ заводым щыдгъакIэ щIыхуэгъэ хъыбарыншэу кIуэдащ, тенджызым и щIэм иригъэ тоннеибр ящым ящихуда ящэжь.

А хъыбарыр дыгъуасэ жэщым Японием и Окасимэ префектурэм щыIэ Курасики кьалэм и мафIэсгъэункIыфIхэм кьаIэрыхьащ. Тоннеибр щым щыпсихуда дакьикъэм абы цIыхуэх щылажьэрт. Зыр кьелащ, адрейр гъэхъэкIыжащ, 11-р уIэгъэщ. Правительствэм и дзэм зыкъэзыIэтахэмрэ боевикхэмрэ кьалэм и хьэблэ куэдым зэхэзехуэн щищIащ, абыхэм Iэщэнпхуэ кьытрах. Боевикхэр зэщIэуэздащ зенитнэ пулеметхэмкIэ, гранатометхэмкIэ, топышэхэмкIэ, жэщым хуиту уэзыгъэлъагъу Iэмэпсымэхэмкlэ, хьуреягъыу.

Хэт и ахъшэ?

«New York Times» газетым зэрилъытэрэ, США-м и президент хэхьныгъэхэм хэтыж папщIэ Барак Обамэ мылъку кьыхуэзыгъэIыпщхэм яхэтщ Америкэм и хабзэхъумэхэм яIэпщIэкIауэ щыта, Мексикэм и дзэгуакIуэ бизнесым щылъэрыцэхьэхэм яныхъэм и благъэ, иджы США-м кьыгъэзэжыну хущIэкъу щIэпхьаджащI.

Хуан Хосе Рохас Кардонэ и уней казино (ахьшэ джэгупIэ) егъэлажьэ. Ар «Пепе» цIэлеймкIэ щIэпхьаджащIэ дунейм фIыуэ кьыщыдгъакIуэ. 1994 гъэм Айовэ щагъэхьэныщат гъапцIагъэ зэрилъжьымкIэ, наркотик зэрищэмкIэ. Абы щыгъэщ щIэпхьуэжу Мексикэм щыIэпхъуэм. Илъэс и пэ Айовэ и прокуратурэм Пепе и къуэшым лъэIу тхьилъ щIилъхьащ, а щIэпхьаджэхэр хуагъэгъэным щIэлъэIуу, а кьалэм демократ партым щиIэ хуэдэмэми а Iуэхуэмкlэ кьыдэIэпыкъуну гурыIуащ. Иджы, бжьыхьэм щIадзащ, хэхьныгъэхэм хэтыну Барак Обамэ кьуэуэвн папщIэ зэкъуэшхэм мыльку зэхуахьэс. Обамэ и хэхакIуэ штабым зыкъыгъмысжащ доллар мин 200-м щIигъу абыхэм хэхакIуэ фондым зэрыкалъхьамкIэ.

США-м и президент хэхьныгъэхэр екIуэкIынущ мы гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м.

Ди къуэш республикэхэм

Топ джэгупIэ щыкIуэхэр

АБХЪАЗ. *Республикэм и президент Анкваб Александр яIущащ Мэзкуу областым хьхьэ Шатурэ кьалэм зэт удз Iэрыщ алэрыбгъуэр кьыщIэзыгъэкI «Оптилон» заводым я унафэщI Прозоров Александр, спорт хуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI «Фортис» волгоград компанием и лIыкIуэхэм.*

АНКВАБ Александр «Оптилон», «Фортис» Iуэхущ Iапт Iэхэм я унафэщIхэм топ джэгупIэ щыкIуэхэмрэ стадионхэмрэ теухуа я проектхэр кьыхьалхьэну яхуигъэльэгъуащ. «Компание зыбжанэм зэпытщащи, ди дежкIэ нэхъ кьеIэсыжьыну, - жиIащ президентым. Мы гъэм Абхъазым футбол щыкIу джэгупIэу 50 щащхуэну я мурадщ.

Сом мелуан 360-рэ хухех

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Курыт еджапIэхэр кьыхэзгъэпэщыкьым, ахэр компьютерхэмкIэ, ныжьрей спорт, медицинэ, пщэфIапIэхэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным республикэм сом мелуан 360-рэ тригъэкIуэдэнущ. Ар нэгъабэ ельытауэ хуэдэ зэ-кIэ нэхьыбщ.*

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСым и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мурат Рашид ЕмтIэ Темрезов Рашид АР-мрэ я унафэщIхэр и гъусэу УФ-м и Президент Медведев Дмитрий зыхуагъэзэныр зэкIыпIэфIу кьызэрилъытэр. Абы кьищIэмэщIауэ, кьызэхуэсахэм Мухьэмэд гу лъагъэтащ зэш республикищым я лIыкIуэхэр Сирием гъэкIуэным епIэщIэкIын зэрыхуейр.

АдэкIэ Пащты Борис къытеувыIащ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъгъуэм, дунейпсо гуманитар зэдзэкъэныгъэм я Iуэхуэхэмкlэ федеральнэ агентствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэдзэкъэжьэныкIэ зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм. Абы кьыхигъэщащ хамэ къэрал щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкIэ, урысибзэмрэ я анэдзэлъхьбзэхэмрэ егъэджэныкIэ, урысыбзэмрэ урысей щIэныгъэмрэ хамэ къэралхэм щаIэ пщIэм хэгъэхъуэныкIэ, лъэпкъым, тхыдэм, бзэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм ятеуахуа Iуэхугъуэхэр нэгъуэщI къэралхэм кьыщызэгъэпэщыныкIэ, нэгъуэщIхэмкIи зэдзэлажьэну лъэныкъуитIым зэрызэраухыьIар.

Комиссэм хэт **Дзэмыхь Къасболэт** жиIащ а зэгурыIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, зэдзэлажьэныгъэр зыхуей хуэзэу зэтеубла хъумэ, республикэм ифI зыхэлъ Iуэху куэд кьызэрыпэкIуэнур, ди лъэпкъгъуэм яхудиIэ пыщIэныгъэр нэхъ лъэщ щIынымкIэ сэбэп зэрыхъунур.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди спортсменхэр къахожаныкI

Iуащхьэмахуэ лъапэ КИФШI-м и Кубокыр къэхьыным теухуа бгы-лыжэ зэхьэзэхуэр щокIуэкI. Абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагыстэным кьинкIа ныбжьыщIэхэр.

ИУЖЬРЕЙ илъэс 25-м къриубыдэу апхуэдизкIэ зэхьэзэхуэ ящIа етIуанэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIыжу аращ. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, 2010 гъэм бгы-лыжэмкIэ Урысей чемпионат зэхэтащ. Абы кьыхихьэ щытащ Банкувер щекIуэкIа Олимп джэгухэм хэта УФ-м и цIыхухъу, цIыхухъ командхэр.

- КИФШI-м и Кубокыр кьхъныным щIэбэныныр ди республикIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Спортсменхэм я екъуIэныгъэхэр 2014 гъэм Сочэ щызэхэтыну Олимпиадэм дыщэ медалхэр дяпэкIэ щызыIэрагъэхьным щIэдзапIэ хуэхъун куейщ, - жиIащ Iуащхьэмахуэ куей администрацым и унафэщI Малкаров Аслъэн, зэпеуэр кьыщызэIуахым. Апхуэдизуи кьыхихгъэщащ къэкIуэнум Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыхэм дунейпсо чемпионатэр дяпэкIэ зэрыщрагъэжьэкIынур и фIэщ зэрыхьэр. Абы папщIэ щIыуэпс, техникэ я лъэныкъуэкIэ зыхуеину псори щыIэщ.

КъБР-м спортымрэ туризмымкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн кьыщыпсалъэм жиIащ республикэм Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацэм и жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лыжэ спорт IэуужьыгъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкI щыпIэ зэрыхъур.

Зэхьэзэхуэм и япэ махуэм слалом-гигант лIэужьыгъуэмкIэ зэпеуащ. Абы бжьыпэр щаубыдащ Iуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лыжэ школым и гъэсэнхэм. Итъэс 11-12 зи ныбжь щIалэ, хьыджэбз цIыкIухэм я дежь япэ ящыпIищыр Терскол щыщхэм яубыдащ. Япэ увыпIэхэр къахьащ Темыркъан Миланэрэ Байдаев Кямилрэ. Илъэс I5 ныбжьым хиубыдэхэм я дежь Байдаевэ Жаннэ щытекIуащ. НыбжьыщIэхэм я дежь апэ ящыпIэхэр зэрыхьащ Теберда (КъШР) щыщ Масетов Глеб. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ и спортсменхэм ялъысащ.

ТАРИМ Алисэ.

Сабийхэр узыншэу къэхъуным йогугъу

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Лэгъупыкъуэ» центрым щылъмахуэр кьызэрихьэрэ зыщагъэпэщхэу зэхуэсащ сабий 300-м щIигъуэр. Псом хуэмыдэу мы центрым щагъэуэ кIэльыплъыныгъэхэр гунэс ящэхъу ДЦП уз зыпкърыт сабийхэм я адэанэхэм.

МЫ зыгъэпсэхупIэм иIэщ хуэдамэу 7. Абыхэм щоIэзэ зи лъэм кьримыкIэхэм, темакъ узхэм, зоб зиIэхэм, зи псэпхьэIэм сэкъат иIэхэм, псантхуэ узыфэхэм. Iуэхуэщ Iапт Iэм и унафэщI БжьыкIший Сэрэждин зэрыжиIэмкIэ, а къудамэхэм щолажьэ салъбийм хэтыкIэ, епсэлъэкIэ зыщIэ, зи кьалэн гугъур жэуаплныигъэ хэлъу ильэс куэд кьэсыхьэлIэ дохутыр Iэзэхэр.

Медицинэ Iуэхутхьэбзэм и мызакъуэу, мыбы щыIэ цIыкIуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманри хуэдэ щымыIэу кьызэрагъэпэщ. Центрым иIащ сабий кьэс хэхуэу джэгуакIэ щхьэхуэхэмкIэ щадэлажьэ пэшхэр. Ахэр кьызэгъэпэщащ цIыкIуэм я ныбжьымрэ япкърыгъ узыфэхэмрэ тещIыхьауэ кьыхаха зэрыджэгу кьэпшыпхэмкIэ. Апхуэдэу махуэ 20-м щIигъуэкIэ мыбы зэманыр щызыгъакIуэ сабийхэм кьэуат зыщIэлъэ, витаминхэмкIи кьулей шхыныгъуэхэмкIэ егугъуу ягъашхэ. КъимыдэкIэ, пэрыхьэту ират пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIэхэмрэ. КьыхэгъэщIыпхъэщ «Лэгъупыкъуэ» здэщIыIэ Долинск хьэблэм и мэзхэм хуэдэу зи хьэуар кьабзэ зэрыгъэтыгъуейри. Ар сэбэпшхуэ яхуохъу зи бгъэчыр зэуэхэм, аллергие зыпхърыткъэм. БжьыкIший кьызэрыхигъэщащкIэ, ноб э я зэфIэкIхэм хагъахьэу мыхьумэ, нэхъ мащIэ зэрыныхъуным зэфIэкIыу я I эр ирахьэлIэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЪЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщытыхьэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацым и деж щыIэ

8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм адэкIи пащэ

• ЗэIущIэхэр

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм зегъэужьыным - ягъэтIысахэм я щIэпхъаджагъэхэм къытрамыгъэзэжыным, хабзэр ягъэзэщIэным, я тезырыр ящыгъэпсынщIэным, фIым хуэущииным, ялэжьар къагурыIуэжу, гъащIэ узыншэм хэзэгъэжыным - теухуа Iуэхугъуэхэр КъБР-м щыIэ УФСИН-м и IэнатIэхэм щокIуэкI. Гулъытэ хуащI тезырхэр щрахьэкI IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэным.

УРЫСЕЙМ Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ и федеральнэ IуэхущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм 2011 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжым а унэтIыныгъэхэм гулъытэ щыхуащIащ. ЗэIущIэм хэтащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ Вербицкий Алексей, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру ди республикэм щыIэ Васильев Сергей, къэрал властым, къарузехьэ IэнатIэхэм, дин IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-мкIэ УФСИН-м и унафэщI Федоров Василий къыхигъэщащ тезырхэр щрахьэкI IэнатIэхэм иджыри щытыкIэр гугъуу къызэрыщынэжыр, ауэ сыт щыгъуи ар я нэIэм зэрыщIэтыр. Зриплъэж лъэхъэнэм къыщIэхуахэм ящыщ щыщIэхъуэжа, укIыгъэ, хабзэр къыщызэпауд къагъэхъуакъым. Дызыхыхьа 2012 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу республикэмкIэ УФСИН-м и IуэхущIапIэхэм щыIэщ шэч зыхуащIу, ягъэкъуаншэу, суд зытращIыхьауэ цIыху 2394-рэ. Тезырхэр щагъэзэкIуэж IэнатIэхэм къыщыхутахэм я процент 62,2-р ягъэтIысащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ е хьэлъэ дыдэ зэралэжьам къыхэкIыу. Суд зытращIыхьахэм ящыщу процент 40-р етIуанэу, нэхъыбэрэ къыщIэхуахэрщ.

Федоровым къызэрыхигъэщамкIэ, нэгъабэ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм Iэрагъэхьа хъыбар 918-м я фIыгъэкIэ щIэпхъаджагъэ 923-рэ сэтей къащIащ, наркотикхэкIыу килограмм 14, Iэщэу 7, Iэщэ Iэмэпсымэу 323-рэ къытрахащ.

Илъэс кIуам УФСИН-м и IэнатIэхэм комиссэхэм я зэIущIэ 42-рэ щекIуэкIащ. Абыхэм тезырыр езыхьэкIхэм ящыщ 1051-м аттестацэхэр драгъэкIуэкIати, абы пхыкIар 831-рщ. ЯгъэтIысахэм ящыщу 165-м тезырыр зэрырахьэкIын хуей хабзэр ягъэзэщIэркъым.

Тезырыр щхьэщахыжыну лъэIу 47-рэ (2010 гъэм - 35-рэ) къатати, Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ, 2011 гъэм цIыхуи 6 хуит ящIыжащ. Нэхъ пасэу гъащIэ хуитым хыхьэжащ ягъэтIысахэм ящыщу 475-рэ, къахуэнэжа пIалъэм тезырыр нэхъ псынщIэ зыщащIахэр 99-рэ мэхъу.

Я IуэхущIапIэм щекIуэкI техникэ зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу щищIым, Федоровым къызэригъэлъэгъуамкIэ, учетым щытхэм зэракIэлъыплъ электроннэ системэр къагъэсэбэпу зэрыщIадзам хуитыныгъэр гъэмэщIэнымкIэ, унэм имыкIын тезырхэр ягъэзэщIэныр щIыналъэ IэнатIэм къызэригъэпэщынымкIэ Iэмал къет. Тезырхэр щагъэзэкIуэж колониехэм, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэхэм къыщIэхуахэр автоматизированнэу учет зыщI программэ-техникэщIэр зэрыщагъэувам и фIыгъэкIэ ягъэтIысам теухуа сыт хуэдэ хъыбарри - психологие и лъэныкъуэкIэ, тезырыр щрихьэкI щIыпIэм щигъэлъагъуэ зыгъыкIэм, гъащIэ хуитым хуэгъэхьэзырыным, лэжьапIэ къигъуэтыным я лъэныкъуэкIэ ягъэтIысам драгъэкIуэкI лэжьыгъэм кърикIуэм теухуа хъыбархэр зэхуэхьэсыныр куэдкIэ щIигъэпсынщIащ.

Къэпсалъэм къызэрыхигъэщащи, тезырыр езыхьэкIхэм ящыщу сымаджэхэр процент 24,1-кIэ, жьэн узыфэр зыпкърытхэр процент 21,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьынымкIэ 2007-2016 гъэхэм теухуа федеральнэ программэр пхыгъэкIыным и ещанэ лъэхъэнэм хиубыдэу 2011 гъэм цIыху 260-м тещIыхьа корпуситIыр ятащ, ахэр зэпызыщIэ щIылъэ зэблэкIыпIэ №1 ухуэныгъэр яухащ. СИЗО №1-м и административнэ хэщIапIэр, хозяйствэ-гъэтIылъыпIэ пэшхэр, шхапIэр ухуэныр, инженер сетхэр зэгъэпэщыжыныр мы гъэм зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Следственнэ изоляторым ехьэлIа лэжьыгъэхэр, абы медицинэ частыр ухуэнымрэ административнэ корпус №1-р зыхуей хуэгъэзэнымрэ хыхьэу, 2013 гъэм и кIэм нагъэсыну я гугъэщ. А лэжьыгъэ псори зэфIахмэ, тезыр езыхьэкIхэр зэраIыгъ щытыкIэр европей мардэм къитIэсэнущ.

Къыхэдгъэщынщи, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм хухах бюджет мылъкум илъэс къэс хохъуэ. Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм къыIэрыхьэр сом мелуани 114-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

УИС-м и лэжьакIуэхэмрэ абы и пенсионерхэмрэ социальнэу хъумэным тещIыхьа «ПсэупIэ 2011-2015» федеральнэ программэр пхыгъэкIыным къыпащэ. Абы ипкъ иткIэ илъэс кIуам псэупIэ сертификати 3 ятащ, пэши 3 хъу фэтэр къащэхуащ, щхьэзакъуэ псэупIэ зыухуэ я лэжьакIуэхэм къащта банк щIыхуэр япшыныжын папщIэ сом мелуани 2-м щIигъукIэ зыщIагъэкъуащ.

Республикэ властым и гъэзэщIакIуэ, хабзэгъэув IэнатIэхэм УФСИН-р зэрадэлажьэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм къытеувыIащ Федоров Василий. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, «Советскэ» гъэсэныгъэ колониер кIэлъыплъыныгъэ тIкIийм щIэт колоние-псэупIэм хуэгъэкIуэным, Прохладнэ куейм хыхьэ Советскэ жылагъуэм общэ режимым тет цIыху 500-м тещIыхьа лъэхъуэщ щыухуэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм зэрызахуигъэза лъэIур къыхуагъэзэщIащ. Налшык къалэ округымкIэ щIыпIэ самоуправленэм и советым къыдиIыгъащ, къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Абыдэ Ахьмэд и фэеплъу къалэм и Газовэ уэрамыр абы цIэмкIэ зэхъуэкIыныр.

Урысей Федерацэм 2020 гъэ пщIондэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьыным теухуа концепцэм ипкъ иткIэ, КъБР-м щыIэ УФСИН-м зэхъуэкIыныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ. Федоровым къызэрыхигъэщамкIэ, 2016 гъэм и кIэм ирихьэлIэу цIыхухъухэм я къуаншагъэр щагъэзэкIуэжу Каменкэ дэт колоние №1, №3-хэр къызэрыгуэкI, нэхъ ткIийуэ щаIыгъ цIыху 700-м, 1000-м хуэщIа лъэхъуэщхэм хуагъэкIуэнущ. ЦIыхубз колониер 315-м хуэщIа къызэрыгуэкI режим здэщыIэ лъэхъуэщ хъунущ. Абы текIуэдэнущ сом мелуани 136-рэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIынущ Советскэ жылагъуэм дэт колоние №5-м. Абы щаIыгъхэр къызэрыгуэкI кIэлъыплъыныгъэм щIэтынущ. Иджыпсту Iэмэпсымэхэр щагъэув, зыхуей хуагъазэ цIыхухъуи 158-м хуэщIа, цIыхубз 48-м тещIыхьа общежитхэр.

УФСИН-м и унафэщIыр къытеувыIащ къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм. Абыхэм ящыщу къыхигъэщхьэхукIащ тезыр езыхьэкIхэр ялэжьа щIэпхъаджагъэм и хьэлъагъыр, я криминоген щытыкIэр къэлъытауэ, зэпэщхьэхуэ щIыныр, тезырыр щрахьэкI IуэхущIапIэхэмрэ следственнэ изоляторхэмрэ иджырей зэрахъумэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр.

- Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэр сыт щыгъуи а IэнатIэм и IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ къалъытэ. Абы и лэжьакIуэхэм къалэныр щытыкIэ хэхам иту ирахьэкIын хуей мэхъу, Iуэху зыхуаIэр щIэпхъаджагъэхэрщ, сыт щыгъуи къару узыншэ хуэныкъуэщ. Апхуэдэщ управленэм и лэжьакIуэ гупыр, - жиIащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу республикэм щыIэ Вербицкий Алексей.

Цlыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис къыхигъэщащ сыт щыгъуи ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр. Хуагъэлъагъуэнныкъуэсанигъэхэм КъБР-мкIэ УФСИН-м хуищI гулъытэм арэзы къызэрищIри жиIащ.

Террор шынагъуэ къэзыт республикэм щыщыIэ криминоген щытыкIэ гугъум кIэщIу къытеувыIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ КIасэ Борис. «Дэ тщIэн хуейщ терроризм щIэпхъаджагъэ зэрилэжьамкIэ ягъэкъуаншэу ягъэтIысахэр хуит къэхъужмэ, ящIэнкIэ хъунур. Абы ди Iэхэр зэтедзауэ дыпэплъэнри къезэгъыркъым: УИС-р зыхуеину Iэмал псори иIэщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ дин IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ къагъэсэбэпу, абыхэм ягу илъхэр зрагъэщIэну», - жиIащ абы.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и чэнджэщэгъу Бэрсэдж Анатолэрэ Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Тупикин Андрейрэ республикэмкIэ УФСИН-м и лэжьакIуэхэм зыIыгъыкIэ хэха, язынкъуэхэм бгъэдыхьэкIэ тIкIий, а псоми къыдэкIуэу, цIыхур гъащIэ узыншэм хэшэжынымкIэ цIыхугъэ щахэлъын хуей я лэжьыгъэ гугъум ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну зэрагуапэр жаIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Студентхэм я хуитыныгъэм хохъуэ

Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Фурсенкэ Андрей къэралым и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм хэIущIыIу зэрыщищIамкIэ, УФ-м и щIыналъэ псоми къыщызэрагъэпэщынущ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щат экзаменхэр зэрекIуэкI щIыкIэмрэ абы кърикIуахэмкIэ мыарэзы студентхэм я Iуэхум хэплъэну хуитыныгъэ зиIэ комиссэ щхьэхуэхэр.

АПХУЭДЭ Iуэху бгъэдыхьэкIэр хуэунэтIауэ щытынущ Iулъхьэ къеIызыххэм тIкIийуэ ебэныным. Министрым къызэрыхигъэщымкIэ, а къэпщытакIуэ гупым дзыхь зыхуащI егъэджакIуэхэм я мызакъуэу, студентхэм ящыщхэри хагъэхьэнущ. «Мыбдежым къэлъытапхъэщ дэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм я зэран зэрыдэмыхуэр. Арыншами студентхэм я бжыгъэр щIэдгъэмэщIэн щхьэусыгъуэ диIэкъым», - жеIэ Фурсенкэ.

Мы жэрдэмыр къыхэзылъхьахэр Iуэхум лъэныкъуитIкIэ йоплъ: Iулъхьэ къеIызых егъэджакIуэхэр дызэрикуэдым хуэдэу, еджэну хуэмейуэ, ахъшэкIэ дерсхэм япэувыну хущIэкъу студентхэри ди мащIэкъым. А щытыкIэм зрамыгъэхъуэжмэ, щIэныгъэр ипэкIэ кIуэтэнукъым. Аращ апелляцэмкIэ къэпщытакIуэ щхьэхуитхэр къызэгъэпэщыным къежьапIэ хуэхъуауэ къалъытэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Абеикъуэм и гуащIэр

• Япэ итхэр

Ислъэмей къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Абеикъуэхэ Аскэрбийрэ ХьэIишэтрэ я щIалэ нэхъыжь МуIэеди здэщыIэ фермэм здашат. Япэ махуэхэм щегъэжьауэ лэжьыгъэм тегушхуауэ зритат, дзыхь къыхуащIа шкIэ гупыр дагъуэншэу зэрихьэрти, Iэщыхъуэ нэс къыхэкIыну къалъытэрт. Ауэ МуIэед и гур губгъуэм ит и ныбжьэгъу мэшылIхэм я деж щыIэт. Апхуэдэурэ губгъуэ пщыIэр кIуапIэ хуэхъуащ, и мурадми лъэIэсащ.

- ТРАКТОРЫМ урилажьэу зебгъэсэнщ, ухуеджэнщ, мы зэкIэ прицептесу укъыдощтэ, - жаIэри мэкъумэш бригадэм зыхашащ. Куэд дэмыкIыуи, МуIэед СПТУ-м щIэтIысхьащ, ар къиухри, тракторым ирилэжьэну хуиту «Красная Кабарда» колхозым къигъэзэжащ.

Гъатхэр къыщысым, я гупыр губгъуэм ихьащ, сэным зыхуагъэхьэзырыну. Япэ гъунэр МуIэед ирилъащ, адрейхэр абы къыбгъурытт. Бригадэм и унафэщIым щIалэм и лэжьэкIэр игу ирихьащ. Ар нэгъуэщIхэм я щапхъэт, ахэр зэщIигъэуIуэфырт, Iуэхум тригъэгушхуэрт.

Гупым гъатхасэр и пIалъэм иуха нэужь, хозяйствэм и унафэщIхэм къагъэлъэгъуащ Абеикъуэм зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр, лэжьыгъэм зэрыхуэIэижьыр. А гъэр гугъуу щытами, МуIэед зыхэтым гъавэ хъарзынэ къехъулIащ икIи бэвагъкIэ колхозым бжьыпэр щиубыдащ. Къапщтэмэ, нартыхур щызэрахьа гектари 100-м дэтхэнэми хуэзэу ику иту центнер 60, сэхураным центнер 15 къытрахащ.

...Къуажэм ухуэзышэ гъуэгум и къэувыIэпIэм зы сэлэт тетщ. Ар «Красная Кабарда» колхозым и механизатор пашэ, советыдзэм къулыкъу щищIэу къэзыгъэзэжа Абеикъуэ МуIэедщ.

- МуIэед, МуIэед! - автомашинэ къэувыIам къикIауэ щIалэ гуэр къыхуожэ. Зызэрадзри, IэплIэ зыхуащIащ. Зы тэлай якIуа нэужь, МуIэед и ныбжьэгъум зыхуигъэзащ:

- Iуэху пIащIэгъуэ уимыIэмэ, мы щIыбагъымкIэ сыдэш. ИтIанэ сэ хуэмурэ сынэкIуэжынщ, дыдейхэми зыри яжумыIэ.

- Сыт абыкIэ щыIэр?

- Губгъуэр сигу къэкIащ, - жиIэу къыщригъажьэм, машинэм жыIэщIэу абыкIэ игъэзащ.

И пхъуантэ цIыкIур игъэуври, щхъуантIафэу къызэщIэува нартыху хьэсэм МуIэед хыхьащ. Гъавэ щIапIэр къызэхикIухьащ, бэвыгъэр зи нэщэнэ тхьэмпэшхуэхэм Iэ дилъащ. Жыжьэу губгъуэм ит тракторым и лэжьэкIэм къыхэкIыжауэ кIэлъоплъ.

«Куэд дэмыкIыу гъусэ зыфхуэсщIыжынщ, хуабжьу сыфхуэзэшащ, илъэсищ и пэкIэ мыпхуэдэ нартыху бэв дэри къыдэхъулIауэ щытащ», - жеIэ МуIэед,тракторым тесым епсалъэ щIыкIэу.

Колхозым и механизатор пашэ, къуажэдэсхэм пщIэ зыхуащI Абеикъуэ МуIэед гъэмахуэ уэгъуми, щIымахуэ уэсыншэми зыхущIэкъуу щытар Iэмал нэхъыфIхэр и щIэгъэкъуэну гъавэ бэв къэгъэкIыныращ. ИкIи ар абы къехъулIэрт. Езанэ бригадэм и хьэрхуэрэгъухэр - Бахъсэн къалэм ЩоджэнцIыкIум и цIэкIэ щызэхэт колхозым и механизаторхэр - къыщыкIуэхэм деж нартыху хьэсэхэм я теплъэм итхьэкъурт. Псом хуэмыдэу МуIэед зыхэт звеном и зэфIэкIыр къалъытэрт.

... КъэкIыгъэхэм я зыужыкIэм гур дыхохъуэ. Жьы мащIэ къепщэм тхьэмпэхэр доджэгу. Хьэсэхэр захуэщ. Абыхэм МуIэед и гур къызэщIагъэушэ. Сыт хуэдиз къару ирихьэлIа абы мыпхуэдэ гъавэ бэв къэгъэкIыным? Махуэр и кIэм нэсащ, жьэражьэу уэгум ита дыгъэми зигъэпщкIужащ. Хьэсэм хэт Абеикъуэр пшэ фIыцIэ къакIуэм егъэгузавэ. Абы къыздихь жьапщэшхуэм нартыху къыхэкIахэм я тхьэмпэ цIыкIухэр «зэпехулыкI», къыхичыну йоныкъуэкъу.

- Абы къыфIимыгъэкIамэ арат, дуней къутэжым хуэдэщ, - мэгузавэ МуIэед.

КъыфIигъэкIащ. Уэшхыр уэсым хуэкIуэжауэ нэр имыгъаплъэу къос. НапIэзыпIэм гъэмахуэр щIымахуэ хъуащ. Хьэсэм пэгъунэгъу Iуащхьэ лъапэм деж и тракторыр щыхэнауэ колхозым и агроном нэхъыщхьэр къыхуозэ. И щыгъыныр псыфу, и пыIэри щхьэрымыгъыжу МуIэед Iэнкуну щытт.

- Къыттеуа щIыIэм къелыну пIэрэ мы ди хьэсэр, Сафудин, - зы хьэлъэ гуэр и плIэм илъым хуэдэу, нэщхъейуэ щIалэм и щхьэр къиIэтащ. - Зы дакъикъэм тхьэмпэ цIыкIухэм я фэр пихуащ.

Иджыт Сафудин къыщыгурыIуар хэщIыныгъэу щIыIэм къишар зыхуэдизыр. Гектарищэм щIигъу нартыху хьэсэр щIым щыщ хъужат.

- Дауэ уеплърэ, Сафудин, си гугъэмкIэ, тетсэжмэ зэманкIэ дыкъикIынущ, - хьэлъэу хощэтыкI МуIэед. Абы и гупсысэмрэ и щытыкIэхэмрэ модрейм фIыуэ къыгурыIуэрт икIи езыми хэпщIыкIыу къыпкърыхьэрт.

- ИкIэщIыпIэкIэ лэжьыпхъэхэр дгъэбелджылынщ. Хэт ищIэнт апхуэдэ къэхъукъуащIэ къытхукъуэкIыну!? Къэнахэр къызэредгъэлынуми, тетсэжынур зыхуэдизми девгъэгупсыс. ЩIыхуэ зытедгъахуэу десакъым, ауэ къэхъуам ди гур хегъэщI, - етыж жэуап агроном нэхъыщхьэм.

Адрей гъэхэм хуэдэ дыдэ мыхъуами, а илъэс гугъуми гъавэфI къагъэкIащ.

Зэрылэжьа илъэс плIыщIым щIигъум, МуIэед гугъуехь куэдым пэлъэщащ, щытхъушхуи къихьащ. ЦIыху гуапэщ, гуми псэми дохьэ, IуэхутхьэбзэкIэ фIыщ. Аращ МуIэед IумахуэкIэ щIеджэри. Илъэс зыбжанэ хъуауэ бульдозерым иролажьэри, зыхэт гупым пщIэ къыщыхуащI. И унагъуэшхуэр жылэр зэхъуапсэм хуэдэщ. Езымрэ и щхьэгъусэ Хъэджэтрэ щIалищрэ хъыджэбзищрэ зэдапIащ, я къуэрылъхупхъурылъхухэр 14 мэхъу. Адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ абыхэм я щапхъэщ.

- Ахъращ сызыгъэнасыпыфIэр, си гурыфIыгъуэр, си лъэр жан зыщIыр, - мэгушхуэ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэр зезыхьэ нэхъыжьыфIыр.

Ди гуапэщ жьыщхьэ махуэ хъуа Абеикъуэ МуIэед и лъэ зэрихьэу иджыри куэдрэ и IэнатIэм пэрытыну, бынхэми, абыхэм къащIэхъуахэми я гуфIэгъуэ мыухыжу илъагъуну.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

«ЗэфIэдгъэкIахэр мащIэкъым, нэхъыбэж къытпэщытщ»

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и зэIущIэм абы и унафэщI Тау Пщыкъан щытепсэлъыхьащ 2011 гъэм а IэнатIэм щызэфIагъэкIахэмрэ дяпэкIэ къапэщыт къалэнхэмрэ.

- КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Жылагъуэ палатэр ди гъащIэм къыщыунэхуа IэнатIэщIэщ, - жиIащ Таум, - икIи абы и къалэнщ цIыхухэр къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм ядэлэжьэныр зэтриухуэну. Мурадыр хуэгъэзащ республикэм и цIыхухэр зыхуей-зыхуэфIхэр зэрагъэщIэным, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, республикэ политикэр убзыхуным икIи пхыгъэкIыным теухуа лэжьыгъэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр хашэным, апхуэдэуи гъэзэщIакIуэ властым и республикэ, щIыпIэ унафэр зыIэщIэлъхэм я IуэхущIафэхэр жылагъуэм и нэIэ щIэгъэтыным.

БлэкIа илъэсым Жылагъуэ палатэр нэхъри лъэ быдэкIэ уващ. Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен жыджэру хэту, къэрал властым и IуэхущIапIэхэм IэмалыфIхэр тхуэзэтраухуащ дылэжьэн папщIэ. Сэ езым къызбгъэдэкIыуи, палатэм хэтхэм я цIэкIи фIыщIэ ин яхузощI къыддэIэпыкъуа псоми.

Мыпхуэдэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIа хъуащ: япэрауэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм сыт и лъэныкъуэкIи зыхуеинумкIэ къызэгъэпэща унэ екIу хухахащ. ЕтIуанэрауэ, Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэр иунэтIын папщIэ КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ палатэм и лэжьакIуэхэр къащтащ. Мы зэманым Жылагъуэ палатэм зэпымычу щылажьэхэм, абы и советым, комиссэхэм, палатэм и унафэщIымрэ и абы и къуэдзэхэмрэ я Iуэхухэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэрагъэпэщ.

Палатэр КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, щIыпIэ унафэщIхэм, хьэрычэт щIыным емыпха зэгухьэныгъэхэм, щIалэгъуалэм, нэгъуэщIхэми, ядолажьэ.

Таум къызэрыхигъэщащи, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къигъэлъэгъуащ щIыр захуагъэ хэлъу гуэша зэрымыхъум, ЖКХ-мрэ узыншагъэр хъумэн IэнатIэмрэ реформэхэр тэмэму зэрыщрамыгъэкIуэкIым жылагъуэр зэрытегузэвыхьыр. Абы щIыгъужын хуейщ щIалэгъуалэм унагъуэ тэмэм яухуэным, нэмыс яхэлъыным, хуитыныгъэхэм пщIэ хуащIыным, фадэмрэ наркотикхэмрэ я гъащIэр трамыухэным, ныбжьыщIэхэм ягъуэт гъэсэныгъэр зыхуэдэм теухуа нэгъуэщI Iуэхухэри. «Абыхэм теухуауэ едгъэкIуэкIа зэIущIэхэм къыщытщтащ Жылагъуэ палатэр КъБР-м и Парламентым, къэрал властым и нэгъуэщI органхэм, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я IуэхущIапIэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэм хъыбар езыгъащIэ IэнатIэхэм, н. къ. зэрызахуэдгъазэ чэнджэщхэр», - жиIащ Пщыкъан.

ЖКХ-м, узыншагъэр хъумэным я IэнатIэхэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхухэр Жылагъуэ палатэм и нэIэм зэпымыууэ щIэтщ икIи илъэсыр иухыху абыхэм мызэ-мытIэу щыхэплъащ советым, комиссэхэм, лэжьакIуэ гупхэм я зэIущIэхэм.

Зэрылажьэрэ блэкIа пIалъэ кIэщIым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм псом япэу запищIащ хьэрычэт щIэным емыпха организацэхэм (НКО). Мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхухэр щызэфIагъэкIкIэ абыхэм я къарур зэщIэгъэуIуэным мы зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж НКО-хэм я совет къыщызэрагъэпэщащ, абыхэм я Iуэху къыщрахьэжьэкIэ, пэшхэри зыхуеину Iэмэпсымэхэри ядот. Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къэрал, экономикэ, социальнэ Iуэхухэм щытепсэлъыхь, цIыхухэмрэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэмрэ, я жэрдэмхэм щыхэплъэ икIи ахэр зэфIэхыныр зи къалэн унафэщIхэм ялъэзыгъэIэс Жылагъуэ палатэр дяпэкIи апхуэдэущ зэрылэжьэнур.

Гулъытэншэу къэдгъэнакъым республикэм и щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хьэрычэтыщI лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыным епха Iуэхухэри. ЩIалэгъуалэр социальнэ-политикэ Iуэхухэм хашэн мурадкIэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ чэнджэщакIуэ здэкIуэф IэнатIэ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ советым хагъэхьащ жылагъуэ, щIалэгъуалэ, дин зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, апхуэдэу къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIхэр, творческэ лэжьакIуэхэр. [illegible]

• Жылагъуэ палатэм

Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкIэ республикэм къыщызэрагъэпэщащ щIалэгъуалэ организацэхэм хэтхэр тыншу щылэжьэн пэш.

Жылагъуэ палатэм зэпымыууэ къадолажьэ жылагъуэ организацэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэу Жылагъуэ палатэм хэмытхэр. Ахэр хэтщ узыншагъэр, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, щIыуэпсыр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, хьэрычэтыщI лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыным, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и щытыкIэр егъэфIэкIуэным епха Iуэхугъуэхэм. Ахэр йолэжь жылагъуэ гъащIэм и деж кIэ нэхъ мыхьэнэ ин зиIэ IэнатIэхэм хуэгъэза чэнджэщхэр зэхэлъхьэным.

Иджы сыкъытеувыIэнщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэм хэгъэкIыпхъэ лъэпощхьэпохэм:

Япэу. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм лэжьакIуэфIхэр щымымащIэми, къэдгъэлъэгъуэн хуейщ абы хэт языныкъуэхэм жыджэрагъышхуэ зэрахэмылъыр. Палатэм, абы и комиссэхэм хэтхэм Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, апхуэдэу куейхэмрэ къалэхэмрэ щекIуэкI Iуэхухэм япэджэжыныр языныкъуэхэм и дежи кIыхьлIыхь ящI. КъызэрыщIэкIымкIэ, Жылагъуэ палатэр хунэсыркъым, языныкъуэхэм и дежи елIалIэркъым цIыхухэмрэ властымрэ, цIыхухэмрэ хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэмрэ яку къыдэхъуэ зэгурымыIуэм япэджэжын, и чэзум даIыгъыркъым зэгухьэныгъэхэмрэ жылагъуэ организацэхэмрэ къыхалъхьэ жэрдэмхэр, н. къ. Сэ къызолъытэ Жылагъуэ палатэм хэт дэтхэнэми мы упщIэр зритыжын хуейуэ: сыт ар палатэм къыщIэкIуар икIи сыткIэ республикэм, цIыхубэм ядэIэпыкъуфыну? Арыншауи хъунукъым. Палатэм хэт языныкъуэхэр поплъэ зыгуэрхэм лэжьыгъэр яхуиунэтIыным. Абыхэм зыщагъэгъупщэ палатэм щекIуэкIыну лэжьыгъэр езыхэм я пщIэм, Iуэхум зэрыхащIыкIым, республикэм и цIыху цIэрыIуэхэр зэрызэщIагъэуIуэфым зэрелъытар.

ЕтIуанэу. Жылагъуэ палатэм и комиссэхэм яхузэфIэкIакъым езыхэм я лэжьыгъэр КъБР-м и Парламентым и комитетхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм пащIэфыну. Абы къыхокI лэжьыгъэр зэгъэуIуа зэрымыхъур.

Ещанэу. Комиссэхэм я лэжьыгъэр зылъахъэ Iуэхушхуэщ езыхэм сэбэп къахуэхъуфыну цIыхухэр, IэщIагъэлIхэр зыхэт гуп зэрызэкъуамыгъэувэфыр.

ЕплIанэу. Жылагъуэ палатэр коммерцэу щымыт организацэхэм зэрыдэлажьэр хэпщIыкIыу ефIэкIуа пэтми, НКО-хэр цIыхухэм къапэщыт мыхьэнэ ин зиIэ къалэнхэр зэфIэгъэкIыным зэрыхэлэжьыхьыр мащIэущ. Жылагъуэ палатэм цIыхубэ жылагъуэ зэтеухуэным егъэщIылIауэ къыпэщыт къалэнышхуэщ коммерцэу щымыт организацэхэр, къэралыр, бизнесыр, нэгъуэщIхэр зэдэлэжьэныр къызэригъэпэщыныр.

Етхуанэу. Жылагъуэ палатэм апхуэдэу имылъагъуу фэ зытригъауэ хъунукъым Урысей Федерацэм и Къэрал Думэр хаха иужь, Урысейм цIыхубэ жылагъуэ зэрыщызэфIэувам и нэщэнэхэр щыIэ зэрыхъуари. Жылагъуэ зэхущытыкIэхэр дяпэкIи демократием нэхъ быдэу тегъэувэным, политикэ ухуэкIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ цIыхубэ жылагъуэмрэ властым и органхэмрэ зэрызэдэлажьэм зедгъэубгъун хуейщ.

Еханэу. Япэ лъэхъэнэм Жылагъуэ палатэм лэжьыгъэ зэфIигъэкIащ республикэм и щIалэгъуалэ организацэхэр зэщIэгъэуIуэным хуэунэтIауэ. А лэжьыгъэр къэдгъэтIасхъэ хъунукъым.

Ебланэу. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж Нэхъыжьхэм я совет къыщызэрагъэпэщу щIадзащ. Абы хыхьэнущ гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я унафэщIу щытахэу пщIэ зыхуащIхэр, КъБР-м и Парламентым, къалэ, муниципальнэ Советхэм я депутатхэр, предприятэ инхэм, мэкъумэш, щIэныгъэ, щэнхабзэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм лIыкIуэ къащIхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхубэ жылагъуэ щызэфIэгъэувэным ахэр зэрыхэлIыфIыхьыфынум къыхэкIыу а лэжьыгъэр щIэгъэпсынщIэн хуейуэ къызолъытэ.

